

# Rezon ki Fè w Gen Dwa pa Kalifye pou Pwogram Asistans Reyanplwa Eta a oswa Federal yo



## Ou gen dwa pa ka resevwa benefis pou rezon sa yo:

- Ou te volontèman kite travay ou san rezon valab.
- Ou te jwenn revokasyon w pou movèz kondwit ou nan travay la.
- Ou te jwenn revokasyon w pou yon zak malonèt.
- Ou te refize aksepte yon òf travay konvenab.
- Ou te resevwa oswa ou pral resevwa salè olye de yon avi revokasyon.
- Ou te resevwa oswa ou pral resevwa Konpansasyon Travayè.
- Ou pap travay paske ou gen yon konfli ak travay la.
- Ou nan yon konje absans volontè.
- Ou pap travay paske yo te sispann ou.
- Ou ap resevwa benefis chomaj ki soti nan yon lòt eta.
- Ou fè yon fo deklarasyon oswa ou komèt fwod pou w ka jwenn benefis.
- Wap resevwa revni, tankou peman pou retrèt oswa dedomajman pou depa fòse.
- Ou pa kalifye monetèman (sètadi ou pat travay ase nan peryòd debaz la)

### Ou ta dwe:

- Touche salè pou de (2) oswa plis trimès nan peryòd debaz la;
- Genyen, nan peryòd debaz la, yon salè total ki omwen 1 ½ fwa salè trimès ki te pi wo a; ak
- Touche omwen \$3,400 salè total nan peryòd debaz la. Peryòd debaz pou reklamasyon w lan se kat (4) premye trimès nan senk (5) dènye trimès konplè anvan reklamasyon pou benefis ou an kòmanse.

## Kalifikasyon kontinye w la ka petèt afekte si:

- Ou toujou ap travay oswa ou pasyèlman pap travay epi w touche plis ke \$275 chak semèn.
- Ou pa kapab epi ou pa disponib pou travay si yon travay ta vin disponib.
- Ou pat anrejistre avèk sistèm anrejistremant pou travay sou entènèt la (Employ Florida).
  - *Pou nou ka pi byen sèvi w, Gouvènè DeSantis te sispann egzijans sa a. Apati de 15 Mas, 2020 pou jiska 1 Jen, 2020.*
- Ou pat satisfè egzijans pou rechèch travay ki nesèsè yo.
  - *Pou nou ka pi byen sèvi w, Gouvènè DeSantis te sispann egzijans sa a. Apati de 15 Mas, 2020 pou jiska 1 Jen, 2020.*
- Ou pat patisipe nan yon randevou obligatwa pou sèvis reyanplwa. Sant CareerSource chwazi randevou sa yo owaza, se pa tout moun ke yo chwazi pou ale nan sèvis sa yo.
  - *Pou nou ka pi byen sèvi w, Gouvènè DeSantis te sispann egzijans sa a. Apati de 15 Mas, 2020 pou jiska 1 Out, 2020, sa vle di yo pral peye w pou semèn ou tap tann nan si w te ranpli aplikasyon pou Asistans Reyanplwa w la pandan peryòd sa a.*

Pou enfòmasyon jeneral sou Asistans Reyanplwa, ale sou [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org) oswa rele 1-833-FL-APPLY (1-833-352-7759).

Lè ou ka rele: Lendi jiska Vandredi. 7:30 a. m. – 6:30 p. m | Samdi. ak Dimanch. 8 a. m.- 5 p. m.

Revizyon: 5/7/2020

## Ou gen dwa pa kalifye pou Asistans Chomaj nan Ka Pandemi si:

- Se **pa** akòz COVID-19 dirèkman ki fè w pap travay.
- Ou kalifye pou benefis Asistans Reyaplwa oswa benefis pwolonje dapre lwa Eta a oswa lwa federal oswa konpansasyon ijans pou chomaj nan ka pandemi (PEUC, akwonim an Anglè).
- Ou gen kapasite pou fè tele-travay epi wap resevwa yon salè.
- Ou ap resevwa konje peye pou maladi oswa lòt benefis konje peye.
- Ou **pa** kapab epi w pa disponib pou travay.
- Ou vin ap travay.
- Ou ap resevwa salè ki plis pase \$275 chak semèn.
- Ou komèt fwod pou w te ka jwenn benefis PUA.

## Egzanp Anplwa ki pa Kalifye pou Asistans Reyaplwa Eta a:

\* Lis sa a pa enkli tout rezon ki ka rann yon moun pa kalifye.

- Travay ki fèt nan anplwa avèk òganizasyon relijye;
- Travay fonsyonè leta fè;
- Travay antreprenè endividyèl oswa yon patnè fè;
- Travay yon etidyan enfimye fè nan lopital oswa yon lekòl fòmasyon enfimye oswa yon estaj nan fakilte medsin yon lopital;
- Travay ki an kontra pou vann oswa solisite konsomatè pou achte machandiz, men ki fèt nan kay oswa lòt kote ki pa yon magazen an detay pèmanan kote peman sibstansyèl li gen rapò dirèk avèk lavant;
- Yon anplwaye kap sèvi tanporèman nan ka dijans;
- Travay yon prizonye ki nan enstitisyon penitansye oswa enkaseral fè (Pwogram liberasyon pou travay);
- Travay domestik (travay tankou netwayaj, gadri, oswa lòt sèvis pèsònèl) ki fèt nan yon mezon prive, klib inivèsitè lokal, oswa seksyon lokal yon fratènite oswa yon sororite inivèsitè;
- Travay yon moun fè sou yon bato lapèch;
- Travay yon moun fè pou yon pitit gason, pitit fi oswa mari oswa madanm, oswa travay yon timoun ki poko gen 21 an fè pou paran li;
- Travay ki fèt pou yon gouvènman etranje;
- Travay yon moun ki poko gen 18 an fè pou livrezon oswa distribisyon jounal;
- Travay yon etidyan fè pou l jwenn kredi pou klas li pran nan yon pwogram eskolè;
- Travay yon kwafè ki resevwa yon komiyon fè (sa vle di li touche lè li fin fè travay la);
- Travay okasyonèl, ki enkli travay ke patwon an pa nòmalman ekzekite men ki okasyonèl, aksidantèl, iregilye oswa ki pa nan kad aktivite pwofesyonèl patwon an;
- Travay yon terapè lapawòl, terapè okipasyonèl oswa terapè fizik fè, yon moun ki pa yon salarye epi kap travay sou kontra avèk yon ajans swen sante a domisil;
- Travay yon etranje non-rezidan fè pou yon peryòd tanporè li prezan Ozetazini antan ke yon non-imigran;
- Travay livrezon oswa mesajri yon moun fè pou yon sèvis prive, a-bi-likratif; ak
- Travay agrikòl, yon moun etranje ke Ozetazini otorize pou ekzekite travay agrikòl dapre lwa federal.

Pou enfòmasyon jeneral sou Asistans Reyaplwa, ale sou [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org) oswa rele 1-833-FL-APPLY (1-833-352-7759) Lè ou ka rele: Lendi jiska Vandredi. 7:30 a. m. – 6:30 p. m | Samdi. ak Dimanch. 8 a. m.- 5 p. m.